

Depistaj COVID-19 pou Paran

Chak maten anvan ou voye timoun ou an lekòl, tanpri tcheke si li genyen siy maladi:



LAFYÈV 100.4* OSWA FRISON
*oswa règleman konsèy lekòl la
si nivo limit la pi ba



DOULÈ NAN GÒJ



TOUS* OSWA SOUF
KOUT
*espesyalman nouvo
kòmansman, tous ki pa
kontwole



DYARE, KÈPLEN OSWA
VOMISMAN, DOULÈ NAN
VANT



MALTÈT*
*sitou nouvo kòmansman
maltèt grav, sitou avèk yon
lafyèv



VIN PA KA PRAN
GOU OSWA PRAN
SANT

**Ka prezante plis pase yon sentòm. Lis sa a pa genyen ladan tout sentòm ki posib yo.*

- 1 Èske timoun ou an genyen nenpòt siy maladi ki anwo a?
- 2 Èske ou te nan kontak pwòch (nan mwens pase 6 pye pandan plis pase 15 minit) avèk nenpòt moun ki konfime pou COVID-19?

Si repons lan se **WI** pou nenpòt nan kesyon yo, **PA** voye elèv ou an lekòl. Olyede sa, kòmanse izòlman timoun ou an epi kontakte founisè swen sante ou an. Èske ou te fè tès pou COVID-19? Se yon tès pozitif oswa dyagnostik founisè swen sèlman ki kapab konfime si yon moun fè yon enfeksyon aktyèlman.

- 4 Tanpri kenbe elèv ou an lakay ou jiskaske li ranpli kritè ki sou tablo ki nan do paj la.

Si ou genyen pwoblèm pou respire, doulè nan pwatrin, ou vin bwouye, ou pa kapab reveye oswa rete jeklè oswa ou genyen po bouch oswa figi ble

RELE 911!



Moun nan PA yon kontak pwòch yo konnen pou yon ka COVID-19:



| Moun nan | Genyen sentòm | Pa genyen sentòm |
|---------------------------------------|--|---|
| Pa teste pou COVID-19 | <ul style="list-style-type: none"> Moun nan dwe rete lakay li pandan omwen 10 jou depi premye sentòm yo te kòmanse EPI li dwe pa genyen lafyèyè san li pa te pran medikaman pou bese lafyèyè pandan 24 èdtan EPI avèk amelyorasyon sentòm yo. Si yo fè dyagnostik yon lòt pwoblèm medikal ki eksplike sentòm yo, tankou enfeksyon nan zòrèy oswa nan blad pipi, moun nan pa bezwen izole, yon nòt doktè a egzijib pou retounen lekòl. Anvizaje karantèn pou frè ak sè ak moun nan fwaye a si ou genyen gwo enkyetid pou COVID-19. | <ul style="list-style-type: none"> Ka ale lekòl. |
| Teste epi negatif pou COVID-19 | <ul style="list-style-type: none"> Moun nan dwe pa genyen lafyèyè pandan 24 èdtan san li pa te pran medikaman pou bese lafyèyè epi amelyorasyon sentòm yo, sòf si yon pwofesyonèl swen sante konseye sa yon lòt fason. Si yo fè dyagnostik yon lòt pwoblèm medikal, moun nan dwe fini peryòd esklizyon pou maladi yo dyagnostike a. Tanpri bay prèv tès negatif COVID-19 (se pa tès antikò). | <ul style="list-style-type: none"> Ka ale lekòl. |
| Teste epi pozitif pou COVID-19 | <ul style="list-style-type: none"> Moun nan dwe izole lakay li pandan omwen 10 jou depi lè premye sentòm yo te kòmanse EPI li dwe pa genyen lafyèyè san li pa te pran medikaman pou bese lafyèyè pandan 24 èdtan EPI avèk amelyorasyon sentòm yo. Li PA rekòmande pou refè tès pou pran desizyon konsènan kilè moun kapab retounen nan travay oswa lekòl. Frè ak sè, moun nan fwaye a, ak lòt kontak pwòch yo dwe swiv tablo kontak pwòch ki anba a. | <ul style="list-style-type: none"> Dwe izole lakay pandan 10 jou aprè jou yo te pran echantiyon an. Frè ak sè, moun nan fwaye a, ak lòt kontak pwòch yo dwe swiv tablo kontak pwòch ki anba a. |

Moun nan SE yon kontak pwòch yo konnen pou yon ka COVID-19:

| Moun nan | Genyen sentòm | Pa genyen sentòm |
|---------------------------------------|---|---|
| Pa teste pou COVID-19 | <ul style="list-style-type: none"> Paske moun nan se yon kontak pwòch yon ka COVID-19, moun nan dwe nan karantèn pandan omwen 14 jou aprè dènye kontak avèk moun ki pozitif pou COVID-19 la. Paske moun nan vin genyen sentòm epi li pa te fè tès oswa li genyen yon lòt dyagnostik, moun nan se pwobableman yon ka epi li dwe rete lakay li pandan omwen 10 jou depi lè premye sentòm yo te kòmanse a EPI li dwe pa genyen lafyèyè san li pa te pran medikaman pou bese lafyèyè pandan 24 èdtan EPI avèk amelyorasyon sentòm yo. Li dwe reponn ak de kritè ki nan toude pwen yo ki anwo a anvan pou retounen lekòl, selon peryòd ki pi long lan. Si moun nan pa kapab izole kòrèkteman lwen lòt moun lakay la, dènye dat kontak la gendwa dènye jou izòlman pou moun ki pozitif la. Piske moun nan se yon kontak pwòch ki genyen sentòm kounyeya, frè ak sè, moun nan fwaye a, ak lòt kontak pwòch yo dwe swiv tablo sa a tou pou detèmine longè karantèn nan. | <ul style="list-style-type: none"> Dwe nan karantèn pandan 14 jou depi dat dènye ekspozisyon an anvan pou retounen nan lekòl la oswa nan gadri a. Frè ak sè yo pa bezwen nan karantèn. Si ekspozisyon an konsène yon moun nan fwaye a epi ka a pa kapab izole kòrèkteman lwen lòt moun lakay la, dènye dat kontak la gendwa dènye jou izòlman pou moun ki pozitif la. Si yon moun ki yon kontak pwòch vin genyen sentòm, al gade nan senaryo pou moun ki pa gen sentòm. |
| Teste epi negatif pou COVID-19 | <ul style="list-style-type: none"> Moun lan dwe nan karantèn pandan 14 jou apre kontak avèk moun ki pozitif pou COVID-19 la, menm si elèv la genyen yon lòt dyagnostik pou sentòm yo. Si li genyen sentòm toujou apre 14 jou yo, moun nan dwe tann anvan li retounen lekòl jiskaske li pa gen lafyèyè pandan 24 èdtan san li pa te pran medikaman pou bese lafyèyè epi amelyorasyon sentòm yo. | <ul style="list-style-type: none"> Dwe nan karantèn pandan 14 jou depi dat dènye ekspozisyon an anvan pou retounen nan lekòl oswa nan gadri. Si ekspozisyon an konsène yon moun nan fwaye a epi ka a pa kapab izole jan sa dwe fèt la lwen lòt moun lakay nan, dènye dat kontak la gendwa dènye jou izòlman pou moun ki pozitif la. Si yon moun ki yon kontak pwòch vin genyen sentòm, al gade nan senaryo pou moun ki pa gen sentòm. |
| Teste epi pozitif pou COVID-19 | <ul style="list-style-type: none"> Moun nan dwe izole lakay li pandan omwen 10 jou depi premye sentòm yo te kòmanse EPI li dwe pa genyen lafyèyè san li pa te pran medikaman pou bese lafyèyè pandan 24 èdtan EPI avèk amelyorasyon sentòm yo. Li PA rekòmande pou refè tès pou pran desizyon konsènan kilè moun kapab retounen nan travay oswa lekòl. Frè ak sè, moun nan fwaye a, ak lòt kontak pwòch yo dwe swiv tablo sa a tou pou detèmine longè karantèn nan. Si kontak pwòch la teste pozitif, izòlman an kòmanse nan jou kòmansman sentòm yo epi izòlman an ka fini anvan dènye jou karantèn nan oswa aprè 14 jou karantèn yo. | <ul style="list-style-type: none"> Dwe izole lakay pandan 10 jou aprè jou yo te pran echantiyon an. Frè ak sè, moun nan fwaye a, ak lòt kontak pwòch yo dwe swiv tablo sa a. |

